# BAQSILAR HA’M BAQSISHILIQ MEKTEPLERI

**Meńlimuratov Temurman**

**Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám**

**mádeniyat institutı Nókis filialı**

**“Xalıq dóretiwshiligi” kafedrası oqıtıwshısı.**

**Annotatsiya**: Qaraqalpaq xalqının’ ko’rkem-o’ner salasında o’zlerinin’ bay muzıka miyrası menen, qosıq-sazı, atqarıwshılıq o’neri menen ayrıqsha xalıq h’u’rmetine iye bolg’an, baqsıshılıq o’nerin rawajlandırıwshılar h’a’m taratıwshılar bular baqsılar bolıp tabıladı. Maqolada Qaraqalpaq muzıka ma’deniyatı, baqsilar ha’m baqsishiliq mektepleri  haqida so`z yuritiladi.

**Kalit so`zlar**: baqsı, Qaraqalpaq muzıka ma’deniyatı, baqsıshılıq mektebi, qosıq, o’z repertuarları, baqsıshılıq.

# ШКОЛЫ БАКШИЛАР И БАКШИШЫЛЫТ

**Меллимуратов Темурман**

**Узбекистан это государство страны**

**Нокисский филиал Института культуры**

**Преподаватель кафедры «Народное образование».**

**Аннотация**: Каракалпакский народ, заслуживший уважение народа своим богатым музыкальным наследием, пением и исполнительским искусством, является популяризатором певческого искусства. В данной статье рассказывается о музыкальной культуре каракалпакской, бакшиларской и бакшишылыкской школ.

**Ключевые слова**: баксы, каракалпакская музыкальная культура, школа бакшылык, косык, собственный репертуар, бакшлык

# SCHOOLS OF BAKSILAR AND BAKSHISHILYT

**Meńlimuratov Temurman**

**Uzbekistan is the state of the country**

**Nókis branch of the Institute of Culture**

**Lecturer of the "People's Education" department.**

**Annotation**: Karakalpak people, who have earned the respect of the people for their rich musical heritage, singing, and performance art, are the promoters of the art of singing. These are the ones that are spread out. This article talks about the music culture of Karakalpak, Bakshilar and Bakshishiliq schools.

**Key words**: baksı, Karakalpak music culture, school of bakşılık, kosık, own repertoire, baksılık

Qaraqalpaq xalqında duwtar shertip, qosıq aytatug'ın o'ner iyesinin' biri «baqsı»-dep ataladı. Baqsı su'yiwshilik da'stanların atqarıwı menen Orta Aziya h'a'm Zakavkaziya ellerinde ken' taralg'an. Qaraqalpaqlarda «baqsı», o'zbek h'a'm tu'rkmenlerde «baxshi», qazaqlarda «jırshı», A'zerbayjanlarda «ashug», gruzinlerde «mısagan», Armiyanlarda «gusan» so'zleri xarakteri jag'ınan ulıwma uqsaslıg'ın g'ana an'latıp qalmastan, olardın' atqarıwshılıq o'nerinin'de jaqınlıg'ın ko'rsetedi. Baqsıshılıq o'nerinin' bunday jaqınlıqları olardın' ko'p a'sirlik ekonomika h'a'm ma'deniy baylanıslarının' teren' tamırlarının' ken' en jayıp urqan atqanlg'ınan derek beredi. Qaraqalpaq muzıka ma'deniyatı tarawında baqsıshılıq o'neri o'zlerinin' atqarıwshılıq jollarına qaray bir qansha mekteplerge bo'linedi.

Filologiya ilimlerinin' doktorları N.Da'wqaraev, Q.Aymbetovlar baqsıshılıq mektebin Muwsa h'a'm Su'yew mektebi dep ekige bo'ledi. Olardan burında bir neshe baqsılar bolıp bul jollarda aytıp kelgen, biraqta ko'bisinin' atı ma'lim emes ekenligin aytıwımız kerek. Muwsa h'a'm Su'yewlerden ilgeri Xorezm jerinde «Shag'ataylı» atı qosıq bolıp tillerge da'stan bolg'an a'psanalıq baqsı Eshbay o'tken. Ol pu'tkil Xorezm oypatlıg'ında jasawshı O'zbek, Qaraqalpaq, Tu'rkmenler arasında ken'nen belgili bolıp, onı o'zbeklerde, qaraqalpaqlarda, tu'rkmenlerde o'zlerimizdin' baqsımız desedi.

Eshbay baqsının' Qaraqalpaqlar arasında teren' h'u'rmetke iye bolıp, xalıq Eshbaysız kewil xoshlıq etpeytug'ının, onın' atındag'ı «Eshbay» qosıg'ın elege shekem su'yip aytatug'ınlıg'ınan h'a'm tın'laytug'ınlılıg'ınan da ko'riwge boladı:

Eshbay barmay h'esh kim toyın qurmadı, ju'zin ko'rmey qızlar wa'kil bermedi,-degen qatarlarında Eshbay xalıq baqsılarının' atası sıpatında h'u'rmetke bo'lenedi.

Eshbay, Nurjan, Atash penen saz etti…

O'lgennen son' wa'spini G'a'ripniyaz ayttı…

Eshbaydın' Nurjan, Atash usag'an qaraqalpaq baqsıları menen bir da'wirde jasap, zamanlas bolg'anlıg'ı olardın' doslıg'ı usı «Eshbay» atlı qosıq qatarlarında ko'rinedi. Al «O'lgennen son' wa'spin G'a'ripniyaz ayttı»- delingen qatarg'a qarag'anda Su'yew baqsının' ustazı- G'a'ripniyaz Eshbaydın' sha'kirti bolıp, onın' jolın dawam ettirgen.

İlimpazlardın' baqsıshılıq mektebin Muwsa h'a'm Su'yew baqsı mektebi dep ekige bo'liwi Muwsa baqsı o'zinin' ustazı Aqımbet baqsı jolın, al Su'yew baqsı bolsa ustazı G'a'ripniyaz baslag'an joldı joqarı basqıshqa ko'terip, baqsıshılıq o'nerin, ma'deniyatın burın bolmag'an forma h'a'm atqarıwshılıq stil metodlar menen bezep tvorchestvolıq jaqtan rawajlandırg'anlıg'ında. Haqıyqatında da olar tekte baqsı bolıp g'ana qoymay, ku'shli kompozitorlarda bolıp, qaraqalpaq xalqının' muzıkasın bayıttı. Muwsa baqsı h'a'm Su'yew baqsı mektebinin' repertuarlarında qosıqlardın' atları h'a'm namalarında ulıwmalıq bolg'anlıg'ı menen atqarıwshılıq usılları pu'tkilley o'zgeshe h'a'm bir-birinen parıq qıladı.

Muwsa baqsının' jolı nag'ız qaraqalpaq baqsısının' atqarıwshılıq usılları tolıg'ı menen sin'dirilgen o'zgeshe koloritke iye. Onın' namalarında kishireytilgen sekunda Frigiyalıq lad jiye ushırasadı. Al Su'yew baqsının' namalarında kishireytilgen sekunda aytarlıqtay ushıraspaydı. Ba'rinen burın aytatug'ın na'rse h'a'r bir baqsının' individuallıq o'zgesheligine baylanıslı boladı. Bir mektepten shıqqan baqsılar bolsa da sol mekteptin' mayda-shu'ydesine shekem qaldırmay, ustazı qalay aytsa tap sonday etip o'zgertpey aytadı degendi an'latpawı kerek. Ha'tte bir baqsının' o'zi de bir de bir namanı bir tu'rli etip aytsa, ekinshi jerde sol namanı tap burıng'ısınday etip qaytalawı mu'mkin bolmag'anınday ga' asıp yamasa kem tu'sip, yaki o'zgeriske ushıratıp aytatug'ını so'zsiz.

Bul jerde h’a’r bir baqsının’ atqarıw sheberligi, sazendeligi, xosh h’awazlıg’ı h’a’m namanı jaqsı o’zlestiriwi, duwtardı shertiwde ju’da’ jaqsı mengergenligine onın’ improvizatorlıq qatnasına baylanıslı boladı.

Bul jerde ko’zge tu’setug’ın bir na’rse h’a’r bir atqarıwshı o’z repertuarların jasaw ortasına qarap, tın’lawshılardın’ ko’pshiliginin’ talabına qarap, sog’an ılayıqlap du’zetetug’ınlılıg’ında. Mısalg’a Shernazar baqsı Shımbay a’tirapında jasap qaraqalpaqsha jolg’a aytsa, Juman baqsı Beruniy, To’rtku’l a’tiraplarında jasap, namag’a qosımtalar qosıp atqarg’an ekewide birdey Muwsa baqsının’ mektebinen shıqqan namalardı aytsada. Usı Muwsa mektebinin’ son’g’ı a’wladlarınan Esjan baqsı menen Shaniyaz baqsının’ aytıwının’ arasında da u’lken o’zgeshelikler bar. Sebebi olar Muwsa mektebinen taralg’an bolıwına qaramastan Esjan baqsı Muwsa baqsının’ jolına aytsa, Shaniyaz baqsının’ aytıwı Arzı baqsının’ jolına jaqın aytadı. Sonday-aq Su’yew baqsının’ mektebinen tarag’an Orınbay h’a’m Jan’abay baqsılar Japaq baqsının’ atqarıwında da u’lken ayırmashılıqlar bar. Japaq baqsı nag’ız Su’yew baqsının’ jolına aytatug’ın bolsa, Orınbay menen Jan’abay baqsılardın’ aytıw jolına jergilikli xalıqtın’, yag’nıy Arallı o’zbeklerdin’ ta’siri tiyip bir qansha o’zgesheliklerge ushırag’anlıg’ın ko’riwge boladı. Sonın’ menen qatar Orınbay baqsının’ repertuarlarında Japaq baqsının’ repertuarlarında ushıraspaytug’ın namalarda gezlesedi.

Mısalg’a: «Shırwanı qatar», «Shayki shiwar», «Zerletme», «Molla a’rman», «Sayqal» t.b. atamadag’ı namalar ko’p. (Orınbay h’a’m Jan’abay baqsılar ataqlı Qon’ıratlı baqsılar, Arallı o’zbeklerden shıqqan baqsılar ekenligin aytıp o’tiw orınlı boladı). Qaraqalpaq muzıkasında a’sirler boyı dawam etip kiyatırg’an atqarıwshılıq o’neri da’stan menen namanın’ arasındag’ı baylanıstı bekkemlep keldi.

Baqsılar da’stanlardın’ tekte qurı mazmunın bayan etip qoymastan, olar o’z bayanlamasın saz benen namag’a salıp atqaradı. Qaraqalpaq muzıkasında da’stang’a salıp aytılatug’ın namalar u’lken orın iyeleydi. Sonlıqtan baqsılardın’ atqarg’an «G’a’rip ashıq», «Sayatxan-Hamra», «Hu’rliqa-Hamra», «Ashıq

Na’jep», «Yusup-Axmed»,t.b. lirikalıq da’stanları menen Nawayı, Maxtımqulı, A’jiniyaz, Berdaq,

O’tesh, Omar h’a’m t. b. klassiklerdin’ qosıqlarına aytılg’an namaları o’zinin’ ko’rkemliginin’ baylıg’ı jag’ınan Qaraqalpaq xalqının’ ruwxıy ma’deniyatı h’aqqında ken’ tu’sinik beredi.

Lirikalıq da’stanlarda qosıq penen nama bir-birinen tıg’ız baylanısta bolıp, olar h’adal muxabattı, xalıqlar doslıg’ın, h’ayal-qızlar a’wladının’ berikligin, aqıllılıq penen tapqırlıqtı jır etedi. Olar bastan ayag’ına shekem qosıq muzıka menen tolı. Sonlıqtan da Qaraqalpaq xalqının’ lirikalıq xarakterdegi namalarının’ rawajlanıwında onın’ a’debiy folklorında lirikalıq da’stanlardın’ payda bolıwı menen baylanıslı h’a’m ta’sirinin’ og’ada ullı bolg’anın aytıw kerek.

Klassik shayırlardın’ poeziyasındag’ı oylardın’ anıqlıg’ı, sezimlerdin’ teren’ligi, turmıslıq faktlerdi ko’rkem so’z benen juwmaqlastırıwdag’ı sheberligi, xalıq muzıkasının’ tag’ı da ko’rkeyip go’zzallanıwına alıp keledi.

Qaraqalpaq baqsılarının’ namaları tuwralı aytqanda yag’nıy olardın’ h’a’r ta’repleme bayıwına qon’sı xalıqlardın’ baqsılarının’ tiygizgen ja’rdemin ayta ketiw orınlı boladı. Ataqlı Tu’rkmen baqsısı Su’yew baqsının’ namaların o’zlestirip, baqsıshılıq usılın qaraqalpaqlar ishinde dawam etiwshi Japaq baqsı Aqımbet baqsının’ namaların dawam etiwshi Muwsa baqsı, Esjan baqsılar boldı. Edenbay baqsının’da namaların dawam ettiriwshi sha’kirtleri bolg’an. Ha’zirgi qaraqalpaq namalarının’ ishinde «Qon’ırat» naması dep atalıp ju’rgen nama burıng’ı Arallı o’zbekler namasınan kirgen.

Qaraqalpaq baqsıları qon’sılas o’zbek, tu’rkmen, baqsıları menen jaqınnan qarım-qatnasta bolg’an, bir-birine ja’rdem berip, repertuar almasıp, toy merekelerdi birge sawg’an. A’miwda’ryanın’ ayag’ındag’ı «Arallı» dep atalg’an Xorezm o’zbeklerinin’ baqsıları menen bolg’an tıg’ız baylanıstı atap o’tken jo’n. Arallı o’zbek baqsılarının’ ko’bisine tu’rkmen baqsısı Su’yew baqsı ustazlıq etken.

Arallı o’zbekler ku’n ko’ris ta’repinen qaraqalpaqlarg’a ku’ta’ jaqın turadı, olar ko’p zamanlardan beri, qaraqalpaqlar menen irgeles qon’sı bolg’an. Arallı o’zbeklerdin’ baqsıları qaraqalpaq baqsılarına usap duwtar menen qosıq aytadı.

Arallı o’zbeklerdin’ baqsıları tu’rkmenler h’a’m qaraqalpaq baqsıları menen repertuar almasıp bir-biri menen qatnasıp otırg’an, mine sonlıqtan da aytatug’ın namaları da bir-biri menen aralasıp ketken. Baqsılar aytatug’ın ko’p namalarg’a tu’rkmen, o’zbek h’a’m qaraqalpaq baqsıları ortaq. Tu’rkmenlerdin’ ataqlı baqsısı Su’yew baqsı arallı o’zbeklerden ko’p sha’kirtler tayarlag’an. Su’yew baqsının’ sha’kirtlerinen belgili bolg’an baqsıları: A’dilbay, Qutım, Alliyar, Awez, Gurbek, Jan’abay, Orınbay baqsılar bolıp esaplanadı. Bular Su’yew baqsının’ baqsıshılıq o’nerin dawam ettiriwshi baqsılar bolg’an.

Qaraqalpaq baqsılarının’ baqsıshılıq o’nerinin’ o’siwine, olardın’ repertuarlarının’ ko’beyiwine Xorezmli baqsılardın’ ta’siri bir jaqtan tiygen bolsa, al ekinshi jaqtan Xorezmde jasag’an Tu’rkmen baqsılarının’ etken ta’siri og’ada u’lken.

Zaman o’zgerip, jan’alıqlar tuwıp otırıwı arqalı xalıq jırshılarının’ shertetug’ın saz a’spabları da o’zgerip otırg’an. Xorezmli o’zbek baqsılarında burın qobız bolıp, onın’ ornın duwtar basqan, al onnan beri kele, duwtardın’ ornın garmon (orıs qobız) basqan. Jigirmalanshı jılları (xx-a’sir) Xiywalı Sapa sazshı, Enesh sholaq, U’rgenishli Shirazı bala, Shabbazlı Xojaniyaz garmonshı, To’rtku’lli Qoshaqqor, Xojeliden Qutlı qız qusag’an o’zbek jırshıları qaraqalpaqtın’ toy merekelerinde garmon shertip jırlag’anın, son’ın ala garmonnın’ ornına tar (rubab) a’spabın paydalana baslag’anın alım atamız Q.Ayımbetov o’zinin’ «Xalıq danalıg’ı» atlı kitabında anıq keltirip o’tedi. Qaraqalpaq baqsıları usı ku’nge shekem qasında janapayg’a g’ırjekshi h’a’m balamanshı menen duwtar shertip qosıq aytıp kiyatır. Baqsılarımızdın’ tuwısqan xalıqlardın’ baqsıları menen qarım-qatnası kem-kemnen o’sip rawajlana baslaydı.

O’zinin’ talantı menen pu’tkil Xorezm oypatına dan’qı jayılg’an ataqlı Su’yew baqsı Tu’rkmenlerdin’ en’ ataqlı baqsısı bolg’an. Sonın’ menen Xorezmde jasag’an o’zge xalıqlardın’ da belgili baqsı bolıp tanılg’an. Su’yew baqsı Tu’rkmenlerdin’ shawdır ruwının’ bozashı tiyresinen h’a’zirgi Tashawız oblastının’ Porsı rayonının’ a’tirapında ka’malg’a kelgen.

Su'yew baqsı Qaraqalpaqlar arasına ko'p kelip baqsıshılıq qılg'an. Qaraqalpaqlarda u'lken toylarda Su'yew baqsını shaqırtıp ayttırıw da'stu'r bolg'an.

Qaraqalpaqtın' ataqlı baqsısı Muwsa baqsı menen jaqın qarım-qatnasta bolg'an h'a'm zamanlası bolg'an. Ekewi birgelesip ko'plegen toy merekelerdi birge sawısqan, biri-birin ju'da' sıylag'an, repertuarlar almasıp turg'an. Usı jerde tag'ı aytatug'ın na'rse ilimpazlarımızdan T.Adambaeva, Qırıqbay Bayniyazov, A'sen Alımovlar Su'yew baqsını qaraqalpaq G'a'ripniyaz baqsının' sha'kirti dep tastıyıqlaydı. Sonday-aq belgili «Eshbay» namasın h'a'm «Ko'zlerim» atlı muxalles namalarının' qosıg'ında (so'zin) h'a'm namasın G'a'ripniyaz baqsı do'retken dep anıq bayanlamalar beredi.

Qaraqalpaq xalıq baqsısı Japaq Shamuratov Su'yew baqsının' o'mirinin' aqırg'ı jıllarında da (1913-1914 jj) Qaraqalpaqstang'a kelip İyshan qalada (Xalqabadta), Xojelide da'stan aytıp u'lken toylardı atqarg'anın aytadı.

Sonday-aq akademik A.N.Samoylovich Parsı da 1908-jılı 58 jastag'ı Su'yewdin' aytqanın tın'lag'anı tuwralı bildiredi.

Sonday-aq Su'yew baqsı Man'g'ıtlı Qaraqalpaqtın' ataqlı baqsıları bolg'an Amet h'a'm Atajan baqsılardın'da ustazı bolg'an. Ataqlı Japaq baqsı Shamuratov bolsa usı Su'yew baqsının' sha'kirtleri A'met h'a'm Atajan baqsılardın' sha'kirti bolg'an h'a'm ustazlarınan Su'yew baqsının' namaların tolıq u'yrenip, onı o'zlestirip, qaraqalpaq muzıkasına u'les qosqan ataqlı baqsımız boldı.

Su'yew baqsı «Go'rug'lı» da'stanının' qw-shaqabın yaddan bilgen h'a'm aytqan. Tu'rkmen xalqı legendalarında «Su'yew baqsını Xiywanın' xanı shaqırıp alıp: «Go'rug'lı» da'stanın ayttırıp, o'zi Go'rug'lı da'stanının' baspadan shıqqan kitabına qarap otırıp teksergende Su'yew baqsı xan aldında jan'ılıspay aytqan eken» dep ertek qılıp aytadı. Su'yew baqsı h'aqqında qaraqalpaqlar arasında da tolıp atırg'an legendalar bar. Bir toyda Qaraqalpaq baqsısı Muwsa baqsı menen Su'yew baqsını jarıspaqqa ayttırıptı mish, toydın' son'ında «qaysı baqsı jaqsı ayttı»- degende Su'yew baqsı turıp:- «Muwsa baqsı mennen jaqsı ayttı, sebebi ol bir duwtar menen g'ana aytıp xalıqqa tamasha berdi, al men bolsam bul toyda tek duwtar menen g'ana emes, qasımdag'ı girjekshi h'a'm balamanshılarım menen,

bolıp atırg’an sazdın’ ku’shi menen, shawqım menen xalıqqa tamasha berdim, mine sonlıqtan Muwsa baqsı jaqsı ayttı «- deymen depti.

Tu’rkmenstanda Su’yew baqsının’ ataqlı sha’kirtlerinen: Jumamurat baqsı, Balta baqsı, Qappar baqsı(Qambar), Qurban qılısh baqsılardı h’a’m olardın’ sha’kirtleri son’g’ı waqıtlardag’ı Balta Qurt baqsı, Xatsha qız, Esen, Aqshagu’l, Ta’jibay-Tayar, Ta’jibay-o’re baqsılar Su’yew baqsının’ jolın dawam etip ju’rgen baqsılar ekenligin alım Q.Ayımbetov «Xalıq danalıg’ı» kitabında keltirip o’tedi.

Mısalg’a a’sirese Aqshagu’l Muradova qaraqalpaqlar arasına kelip ko’p g’ana toy-merekelerdi atqarg’an, qaraqalpaqlar su’yip tın’laytug’ın baqsısına aylang’an. Aqshagu’l Muradova Su’yew baqsı jolına da sonday-aq Muwsa baqsı namalarında(jolında) ju’da’ jaqsı aytatug’ın ataqlı baqsı bolg’anlıg’ı ko’pshilikke ma’lim. Orta Aziya xalıqlarının’ baqsıları aytatug’ın, qıssaxanlar oqıytug’ın su’yiwshilik da’stanları qaraqalpaq baqsılarının’ da en’ negizgi repertuarı bolg’an. Qaraqalpaq baqsıları qon’sı xalıqlardın’ baqsıshılıq o’nerin u’yrenip g’ana qoymastan, o’z repertuarların, olardag’ı qosıq-namalardı qayta islep, o’zlestirip, o’zleride namalar do’retip da’stan qosıqlarına jan’alıq kirgizip otırg’an. Baqsılar sha’kirt tayarlap o’z o’nerlerin keleshek a’wladqa miyras etip qaldırg’an h’a’m baqsılarg’a sha’kirt tayarlaw da’stu’r bolg’an.

Olar sha’kirtti h’a’r ta’repleme sınap tan’lag’annan keyin u’yrete baslag’an, sha’kirti duwtar shertiwdi u’yrene baslag’annan keyin onı toy- tamashalarg’a barg’anda izine ertip barg’an. Baqsı duwtar shertip qosıq aytqanda sha’kirti ustazının’ qasında janapayg’a duwtar shertip ustazına duwtarın qosıp otırg’an. Bul da o’z aldına u’lken mektep sanaladı. Sha’kirt namanı yadlawg’a, duwtarda namanı tolıq shertiw menen birge ustazı aytqan qosıq qatarlarında yadlap alıwg’a solayınsha erisiwge h’a’reket qılg’an. Bolajaq baqsı usılayınsha ustazının’ izine uzaq waqıt erip, jıllar o’tip, so’z benen sazdı u’yrenip, ustazdan pa’tiya alıp, o’z aldına baqsıshılıq etiwge, baqsı da’rejesine jetisken.

Sha’kirttin’ ustazdan pa’tiya alıwıda u’lken sınaq penen, ko’pshilik xalıqtın’ aldında, ustazdan u’yrengen, da’stan-qosıqlardı aytıw menen, ustazdan nama qosıqların qay da’rejede u’yrengenin xalıq aldında aytıp sınaqtan o’tken. Ustaz

solay etip o’zinin’ o’nerin sha’kirti tolıq u’yrenip boldı-aw dep esaplag’anda g’ana og’an pa’tiya berip, baqsıshılıq etiwine xalıq aldında sha’kirtine ruxsat bergen. Bul da’stu’r baqsılarımız arasında h’a’zirgi ku’nde de saqlanıp kelmekte.

## PAYDALANG’AN A’DEBİYATLAR


1. Q.Maxsetov «Qaraqalpaq jıraw-baqsıları» 1983
2. V.Shafrannikov «Karakalpakskie narodnıe pesni» Moskva 1958
3. T.Adambaeva «Qaraqalpaq muzıkasının’ tariyxınan» 1985